



Pou Piblikasyon Imedya: 27/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL RATIFYE LEJISLASYON KI ASIRE REDEKOU PAJ
ADMINISTRATIF KONTE A FÈT NAN FASON KI JIS AK NAN FASON KI PA FÈ
DISKRIMINASYON**

Lejislasyon (S.5160-B/A.229c) Egzije redekoupaj administratif konte yo pou swiv enstriksyon presi ki egzije pou yo trase distri yo nan popilasyon ki prèske egal, kontigi epi ki pa favorize moun ki posede oswa pati yo

Gouvènè Kathy Hochul te ratifye jodi a lejislasyon (S.5160-B/A.229c) ki amande seksyon 34 nan lwa minisipal sou otonomi an pou prevwa ke kèlkeswa lwa lokal oswa ki kontrè, repatisyon manm kò lejislatif lokal yo soumèt anvan ak egzijans konstitisyonèl eta ak federal yo pou asire jistis ak ekite, epi konfòmman ak prensip "yon moun yon vwa a."

Aprè yon desizyon tribinal 1991 lan, te gen efò ki fèt pou modifiye règleman ke yo trase liy lejislatif konte yo. Twò souvan, gouvènman konte yo te eseye manipile dekoupaj administratif la pou avantaj politik pati ki sou pouvwa a. Pwojè lwa sa asire gen yon fen nan pratik sa, epi fè pwomosyon pou yo trase liy yo nan fason ki jis epi san patipri ki baze sou direksyon ki konfòm ak konstitisyon an. Lè nou ratifye pwajè lwa sa, liy yo dwe trase nan yon fason ki asire:

- Distri yo apeprè egal posib nan popilasyon yo jan sa aplikab;
- Distri yo pa trase nan entansyon oswa pou refize opòtinite egal pou ras oubyen gwoup minorite lang pou patisipe nan pwosesis politik la;
- Distri yo konpoze ak tèritwa ki kontenjan;
- Distri yo pa trase pou favorize moun ki genyen oswa nenpòt pati patikilye oswa kandida; epi
- Fòm pou fè pwomosyon administrasyon òdone epi efikas eleksyon yo.

"Akoz move aktè atravè peyi a ap travay pou sape fwa piblik la nan enstitisyon elektoral nou yo, enpòtans pou règleman ki klè epi ki inifòm pou dirije reprezantasyon politik la pa t janm pi enpòtan," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lwa sa ap asire ke tout eta nou an gouvènè pa règleman ki soti dirèkteman nan konstitisyon federal ak eta yo epi asire dwa egal pou patisipasyon nan pwosesis politik nou an."

Nan ane depi pwajè sa te premye entwodui a an 2002, konsansis kote règleman yo ta dwe dirije dekoupaj administratif yo te evolye. Pwojè lwa sa mete previzyon MHRL Sec 10(1)(a) (13) (a) ajou epi aplike previzyon sa yo pou chat konte yo lè li ajoute previzyon

ki menm jan nan Seksyon 34 of MHRL, ki kouvri konte chat yo. Plizyè règleman ki enkli nan pwojè lwa sa te fè pati amandman 2014 nan Konstitisyon Eta New York la, ki te aplike règleman pou redkoupaj administratif pou trasaj distri kongrè ak distri lejislatif eta yo. Lè li ajoute règ sa yo nan MHRL la, yo t ap aplike tou nan trasaj distri lejislatif konte yo. Chanjman ki etabli nan pwojè lwa sa ap pwolonje règleman yo aksepte jeneralman pou reprezantasyon tout moun New York.

Senatè James Skoufis te deklare, "Pou rezidan k ap viv nan konte ki gen pwòp chat yo tankou twa mwen reprezante yo, pwojè lwa sa se yon etap enpòtan pou prezève volonte pèp la lè li nòmalize fason distri lejislatif yo retrace yo. Mwen vle remèsye Manm Asanble Paulin pou angajman fèm li pou pwoblèm sa - yon efò sou di zan pou reyalize - epi mwen bat bravo pou Gouvènè a paske li ratifye refòm enpòtan sa senpleman atan pou pwosesis redkoupaj yon fwa nan yon deseni an."

Manm Asanble Amy Paulin te deklare, "Redkoupaj ki jis la fondamantal pou demokrasi. Lè nou egzije tout konte New York yo pou swiv règ ki etabli pou redkoupaj lejislatif ki jis, lwa sa kenbe enterè kominote yo an antye, pwoteje dwa vòt minorite yo, epi bay rezidan yo yon reprezantasyon ki klè, pou defann nan non yo. Mèsi ak Gouvènè Hochul paske ou ratifye pwojè lwa ki nesèsè sa an lwa ak lit ki long pou sa. Elektè Eta New York yo ka rete rasire kounye a ke vòt yo p ap diminye lè yo trase distri lejislatif ki enjis."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418